


# ИЛАС ÆРНИГОН



**Илас Ӕрнигон**
(Тогызты Газакк)
райгуырд Ӕрыдоны
*1888* азы цыппурсы
мæйы *10-æм* бон мæгуыр
зæхкусæджы хæдзары.
*1909* азы каст фæци
Ӕрыдоны семинар.

Æрыдоны семинар каст куы фæци *1909* азы, уæд дыууæ азы бакуыста Куырттаты комы Хидыхъусы райдайæн скъолайы ахуыргæнæгæй.






# Уыцы куыст дарддæр ахæццæ кодта, 1911 азы Маньчжуримæ куыы ацыд, уæд.






Улица въ Харбинѣ. По фот. Корнилова авт. «Нивы».




1918 азы Илас Æрнигон каст фæци Владивосточы Хурыскæсæны бæстæты институт. 10 азы бæрц куыста скъолаты инспекторæй Харбины рухсады департаменты.

# Иласы уацмысты æмбырдгонд «Æрымыс – иу мæн».





# ЛИРИКÆ.



### СОМЫ

Мæ бæстæн æргомæй
Æз карз дзырд дæттын.
Ирыстон, дæ номæй
Мæ сомы бæттын.

Мæ бæстæн кæронмæ
Мæ зæрдæ, мæ зонд
Мæ хъаймæты бонмæ
Кæнын æз нывонд.



### АРФÆ

Æд хызын мæ цурты
Сывæллон æруад...
Æфсæдæд дæ хуртæй,
Дæ цинтæй дæ мад.

Дæ фæдыл ма рады
Цы зæгъон ныр æз?
Дæ фыдæн, дæ мадæн,
Дæ Ирæн ысбæзз.

# Радзырд «Челе». Йæ прозаикон уацмысты хуыздæр. Ирон радзырдты тæккæ аивдæр æмæ тыхджындæртæй иу.



**ЧЕЛЕ**

Цы 'рцыди, цæмæ ныххъхъуыста афтæ зæрдиагæй уалдзæджы сæргъы цардуарзон Тæнæг Сых?

Мæлыны къахыл ныллæууыди Челе. Æрхуыссыд, æрфидар хуыссæнмæ домбай кусæг. Афæлдæхт, адæргъ и сау зæххыл фидар тулдз бæлас. Сагъдау аззад æгас Тæнæг Сых къæмбецы зæронды гуыппмæ. Ныссабыр, йæ улæфт баурæдта. Иттæг зæрдиагæй æнхъæлмæ кæсы Челейы фæстаг сулæфтмæ хъæлдзæг Тæнæг Сых. Чындзытæ æфснайынц хæдзæрттæ, кæртытæ, устытæ цæгъдынц дымгæмæ сæ зæронд къабатæ, фæсивæд рæвдз кæнынц белтæ, фиййæгтæ — Челейы ингæны зныумæ. Фæлæ зæрæдтæ, зæрæдтæ! Челейы 'мгæрттæ. Цæмæн, цæмæн цæуы уæрдондæтты рæбынтæй сигæцы сусæг сыф-сыф? Додой, додой, зæрæдтæ! Сымах хистытæм дæр рæхджы бацыргъ кæндзыстут чидæртæ сæ хъаматы кæрдтæ.

Æнамонд Челе! Æрæмбырд сты сау халæттæ алырдыгæй ингæны былмæ. Фондз уады скодта дæ дуæрттыл Цъыллингаты былысдæр цуанон зæронд Биби. Тымбыл кауы алыварс æрæмбырд сты гомгуыбын басяччытæ æмæ се 'рттиваг цæстытæ не здахынц дæ кулдуарæй.

# ИЛАСЫ ФЫСТÆДЖЫТÆ



Газæ!

Ирон адæмы Кордзы ја дару
мæ ја зонды æна бацуардгæјæ зар-
дјæдæрај фæдæбон ні бакодба-ўј
Тоузгфирт Газæ. Кандæ нæ 'хсæн
овгіа нæ, фæлæ ма нырдæр фæсфæдау
дæ бон, дæ фадатмæ гæсгæ, ирон ар-
тκі фу кæнгæ, цæмај ја зонæ ма
аахуса, фæлæ тынгдæр сцæрын уа, ўј
тыххæј. Æхсæны дудбадзæ анубвдау
кусæг фæрæх уа, æмæ јн арђ мæгі



скана, ўј дæ зарда мæнæ зонд цæр-
зинадг ма тыхх раздзæ ирон адæм
'хсæн Гададздзæ ном кæ вырј уын
бæсæн агурын на дауг.
Ўј фадзы – цæмæ хсæнт кудзæ
маку сфæлмæцу; ирон ном, ирон æв-
дауы нырыхонд хузан дæ сар нывæн
бан кæд хæссу – уцы арфи дын ноон
афæдзы мбырдзы адæм дардзæ нинц
æмæ дзы нæ Кордзы, бинојнадзæ
ном алдзæхсæј авæрынц.
Дæ дару ма да ныв дан
фæндзæ!

Æхсæны мæсты ўæлахиздзау

ја ...

Лудзæгæнæг



Æмбырды уæлахиздзау 4

Лудзæгæнæг

Кордзы бинојнагтæ:

Харбин
1924 аз.
№

- Ӕрнигон ма уыдис курдиатджын ахуыргӕнӕг дӕр. Уӕды рӕстӕджы ныффыста ирон ӕвзаджы грамматикӕ. Йӕ интермеди «Фӕзмын хорз нӕу» хорз ӕххуыс у сывӕллӕтты хъомыладӕн.
- Зианхӕссӕг зӕронд ӕгъдӕутты ныхмӕ та ныффыста пьесӕ «Уайсадӕг чындз».